दिन–शुक्रवार दिनांक–16.10.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी प्रदेश में पब्लिक–प्राइभेट पार्टनरशिप (पीपीपी) मॉडल पर सोलह ब्राउन फील्ड मेडिकल कॉलेज आओर अस्पतालक संचालन लेल स्वास्थ्य विभागक अधिकारी सभक संग समीक्षा बैसक कयलनि। मुख्यमंत्री विभागीय अधिकारी सभ के एहि अस्पताल के शीघ्रही शुरू करबाक लेल जनौलनि अछि। ध्यातव्य अछि जे समस्तीपुर, सारण, भोजपुर, मधुबनी, वैशाली आओर सीतामढ़ी सहित बारह ए–श्रेणीक मेडिकल कॉलेज भवन बनेबाक काज चलि रहल अछि। दोसर दिस, पावापुरी, मधेपुरा आओर पूर्णिया में बी–श्रेणीक मेडिकल कॉलेज पहिने सँ चलि रहल अछि।

---

बिहार कैडरक भारतीय पुलिस सेवाक वरिष्ठ अधिकारी जितेंद्र कुमार रेलवे सुरक्षा बलक महानिदेशक नियुक्त कयल गेलाह अछि। केंद्र सरकारक नियुक्ति समिति हुनक नियुक्ति के स्वीकृति दऽ देलक अछि। ओ एकतीस अक्टूबर कऽ सेवानिवृत्त भऽ रहल सोनाली मिश्राक स्थान लेताह। अखन जितेंद्र कुमार केंद्रीय चयन पर्षद– सिपाही भर्ती केर अध्यक्ष छथि। हुनक कार्यकाल एकतीस मार्च, दू हजार तीस धरि रहत।

---

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह भेल प्रदर्शन के लऽ कांग्रेस पार्टीक मंशा पर सवाल उठौलनि अछि। ओ जनौलनि जे कांग्रेस मिथ्या– झुठ सूचना दऽकऽ लोक सभ के भरमाह रहल अछि आओर हिंसा आ अराजकताक सहारा लऽ चुनावी हारिक बदला लेबाक प्रयास कऽ रहल अछि। लखनऊ मे मीडिया सँ गपशप करैत श्री सिंह कांग्रेस आ राहुल गांधी पर हमला कयलनि। ओ जनौलनि जे हुनकर लड़ाइ एसआईआर आओर मुख्य निर्वाचन आयुक्तक इस्तीफा जेहन मुद्दा लेल नहि अछि। रक्षा मंत्री जनौलनि जे राहुल गांधी के अशांतिक राजनीति नहि करबाक चाहि किएक कि देशक भविष्य हमरा सभक जिम्मेदीरी अछि।

———————————————————————————

बिहार विधान परिषदक चारि शिक्षक आओर चारि स्नातक निर्वाचन क्षेत्र लेल तैइस अक्टूबर कऽ भोट खसाओल जायत। चुनाव के लऽकऽ राजनीतिक सरगरमी बढ़ि गेल अछि। हमर दरभंगा संवाददाताक अनुसार एतय चतुष्कोणीय मुकाबिला देखल जा रहल अछि। निवर्तमान पार्षद सर्वेश कुमार, भारतीय जनता पार्टीक उम्मीदवार छथि। संगहि राष्ट्रीय जनता दलक अनील कुमार झा, जनसुराज पार्टीक मोहम्मद इम्तियाज नुरानी आओर भारतीय कम्यूनिस्ट पार्टी मार्क्सवादी लेनिनवादक संदीप चौधरी ठाढ़ छथि। कांग्रेस दिस सँ रजनीकांत पाठक सेहो चुनाव लड़ि रहल छथि। ई निर्वाचन क्षेत्र में दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर आओर बेगूसराय जिला अछि। एतय एक लाख छबीस हजार नओ सय एकावन मतदाता एक सय अड़तीस केन्द्र पर मतदान करताह।

———————————————————————————

अखन भेटल जनतबक अनुसार सारण शिक्षक निर्वाचन सीट पर जेडीयू प्रत्याशी आनंद पुष्करक विरोध मे निर्दलीय नामांकन करयवला राष्ट्रीय लोक मोर्चाक नेता रामपुकार सिन्हा आब एनडीए प्रत्याशीक पक्ष मे प्रचार–प्रसार करताह।

———————————————————————————

शारदीय नवरात्रक छठम दिन आइ देवी दुर्गाक छठम स्वरूप माँ कात्यायनीक पूरा विधि विधानक संग पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। बांग्ला पद्धति सँ पूजा होयवला स्थान सभ पर आइ माँ भगवतीक पट खुजि गेल। दरभंगाक माँ श्यामा काली मंदिर, मधुबनीक श्री उच्चैठ भगवती मंदिर, सहरसाक महिषी उग्रतारा मंदिर, पटनाक प्रसिद्ध शक्तिपीठ बड़की पटनदेवी आ छोटकी पटनदेवी, कैमूरक मुंडेश्वरी मंदिर, गोपालगंजक थावे मंदिर, खगड़ियाक कात्यायनी शक्तिपीठ, आ मुंगेरक माँ चंडिका शक्तिपीठ मे पैघ संख्या में श्रद्धालु सभ पूजा–अर्चना कऽ रहल छथि। दुर्गापूजाक मौका पर मिथिला सहित पूरा प्रदेश में चहुँदिश भक्तिमय वातावरण देखल जा रहल अछि।

———————————————————————————

पवनि–तिहारि के देखैत खाद्य सुरक्षा विभाग विशेष जाँच अभियान चला रहल अछि। विभागीय टीम पटनाक फराक–फराक थाना क्षेत्र मे कतेको खाद्य प्रतिष्ठान पर छापा मारि कऽ तीन सय साठि किलो नकली घी जब्त कयलक। एहि बिच बावन किलो सँ बेसी पनीर, मिठाइ आ जरल तेल सहित आनो–आन खाद्य सामग्री नष्ट करौलक। संगहि बिना लाइसेंस चलि रहल दूटा मिठाइक दोकान बंद करा देल गेल।

———————————————————————————

सऊदी अरब मे नागरिक हवाई अड्डा, विमान आ विमानन आधारभूत संरचना पर भेल हमलाक बाद एयर इंडिया एहि मासक बीस तारीख धरि रियाद, दम्माम आओर जेद्दा आबय–जाय वाला अपन उड़ान रद्द कऽ देलक अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे एयर इंडिया जनौलक अछि जे सेवा पुनः शुरू करबाक लेल स्थिति पर सदिखन नजरि राखल जा रहल अछि। उड़ान रद्द होयबाक कारण प्रभावित यात्री सभ के पूरा रिफंड देल जायत।

———————————————————————————

निगरानी विभागक टीम आइ बक्सर जिलाक ब्रह्मपुर थानाक दारोगा नीरज कुमार के पचास हजार टका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिला मे सशस्त्र सीमा बल–एसएसबी कार्रवाई करैत सीमा चौकी खौना लग सँ एक सय अड़सठि लीटर नेपाली देसी शराबक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल